

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Kahirupan manusa moal leupas tina kabudayaan, sabab kabudayaan mangrupa bagian tina kahirupan manusa. Ku kituna, kabudayaan nu aya di unggal daérah kudu dimumulé, diriksa sarta dimekarkeun sangkan teu leungit sarta bisa tuluy turun tumurun ka generasi saterusna. Hal ieu saluyu jeung pamadegan Moeliono (dina Haerudin, (t.t), kc. 2) anu nétélakeun yén kabudayaan nya éta hasil kagiatan jeung ciptaan batin manusa, saperti kapercayaan, kasenian, adat istiadat, atawa disebut ogé sakabéh pangaweruh manusa salaku mahluk sosial. Hermanto (2010, kc. 108) nétélakeun yén kabudayaan anu aya diunggal daérah mangrupa budaya lokal, umumna miboga sipat tradisional anu masih dipertahankeun.

Dina enas-enasna mah kabudayaan téh dibagi jadi dua, nya éta kabudayaan kontémporér jeung kabudayaan tradisional. Kabudayaan kontémporér nya éta kabudayaan anu leuwih nyoko kana *pembaruan* jeung mangsa kahareupna, sedengkeun kabudayaan tradisional leuwih nyoko kana ngariksa jeung leuwih tujul ka mangsa ka tukang, kitu numutkeun Siregar (dina Panuju, 1994, kc. 29).

Kabudayaan di lingkungan masarakat Sunda teu ngan saukur kabudayaan tradisional, tapi aya ogé kabudayaan kontémporér. Kabudayaanana ngawengku seni sastra, seni musik, seni pahat, seni rupa, filsafat atawa bagian nu éndah tina kahirupanna. Budaya mangrupa hasil tina kalakuan manusa pikeun ngahontal kasempurnaan hirup. Sagala rupa nu diciptakeun ku manusa, boh anu sifatna konkrit boh abstrak éta mangrupa kabudayaan (dina Widagdho dkk, 2010, kc. 20).

Sakumaha nu geus ditétélakeun ku para ahli di luhur, cindekna kabudayaan nya éta hasil karya cipta manusa dina kahirupanana salaku mahluk sosial nu miboga tujuan pikeun ngahontal tujuan dina hirupna pikeun mangsa ka hareup, anu ngeunteung tina kahirupan mangsa ka tukang.

Kiwari, kabudayaan di tatar Sunda bisa disebut éléh pamor ku kamekaran jaman, hususna dina widang kamajuan téknologi anu sakitu mesatna. Dina hirup kumbuhna, kiwari kabudayaan tradisional kurang dipaliré ku masarakat hususna para rumaja, lantaran dianggap kurang ngirut jeung biasana aya rasa géngsi dina ngalakonna. Linton (dina Widagho, 2010, kc. 19) nétélakeun yén kabudayaan mangrupa wujud tina tingkah laku jeung hasil tina paripolah manusa, anu unsur-unsur pangwanguna dirojong sarta diteruskeun ku anggota masarakat nu tangtu. Antukna, teu anéh lamun kiwari kabudayaan teu pati dipaliré ku masarakat hususna kaum rumaja. Paripolah masarakat ayeuna geus leuwih resep kana hal-hal anu sipatna modérn, balukarna hasil tina paripolahna ogé euweuh patalina jeung kabudayaan anu sok dilaksanakeun ku masarakat jaman baheula.

Pikeun ngungkulan éta pasualan, teu saeutik tarékah para kokolot lembur pikeun ngariksa deui budaya nu aya di sabudeureunana, hususna budaya Sunda. Salasihiji contona nya éta nu kapanggih di Désa Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat. Di ieu lembur, para kokolot anu ngarasa reueus kana kabudayaan Sunda masih kénéh ngalaksanakeun kabudayaan anu aya di daérahna, nya éta ngayakeun upacara ruwatan lembur dina waktu sataun sakali sangkan éta kabudayaan téh tuluy hirup jeung bisa ngahasilkeun generasi anu mikareueus jeung tuluy ngalaksanakeun éta kabudayaan.

Tradisi upacara ruwatan lembur di Désa Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat mangrupa salah sahiji conto kabudayaan tradisional, ieu hal katitén tina bentuk kabudayaanna anu masih kénéh ngajalankeun aturan ti luhurna.

Koentjaraningrat (1990, kc. 203-204) nétélakeun yén unsur kabudayaan téh aya tujuh, nya éta sistem kapercayaan, organisasi kamasarakatan, pangaweruh, kasenian, basa, pakasaban, sarta téknologi jeung pakakas. Sakumaha nu geus ditétélakeun ku Koentjaraningrat, salasihiji unsur kabudayaan téh nyampak dina upacara ruwatan lembur di Désa Gudang Kahuripan, nya éta unsur sistem kapercayaan. Hal ieu katitén tina tujuan masarakat anu ngalaksanakeun ruwatan

lembur salaku bentuk rasa sukur ka nu Maha Kawasa, ogé nuluykeun kabiasaan karuhunna sangkan lembur jauh tina musibah.

Upacara ruwatan lembur di Désa Gudang Kahuripan miboga ajén-inajén katut tanda-tanda jeung simbol nu nyampak dijerona. Tangtu waé, tanda jeung simbol anu aya dina upacara ruwatan lembur ieu, kudu dipikanyaho ma'na sangkan dipikaharti naon anu dipimaksudna. Élmun nu maluruh ngeunaan tanda jeung simbol disebut sémiotik. Numutkeun Hoed (2011, kc. 3) sémiotik mangrupa élmu anu maluruh tanda dina kahirupan manusa. Hartina, sakabéh nu aya dina kahirupan manusa ditingali salaku tanda, nya éta hiji hal anu kudu dibéré ma'na.

Saussure (dina Sobur, 2013, kc. 12) nétélakeun yén sémiotik minangka hiji élmu nu ngaguar ngeunaan kalungguhan tanda-tanda disabudeureun masarakat. Ku kituna, sémiotik minangka bagian disiplin tina psikologi sosial. Salian ti Hoed jeung Saussure, Barthes (dina Isnéndés, 2010, kc. 57) nyebutkeun yén sémiotik téh minangka élmu tanda. Tanda dihartikeun minangka hiji hal anu ngawakilan hal séjén. Jadi, sémiotik nya éta élmu anu maluruh sagala hal anu posisina salaku wakil tina hal séjén. Cindekna, sémiotik minangka élmu nu maluruh tanda-tanda nu ngawakilan hal séjén nu aya dina kabudayaan.

Saupama geus kapaluruh maksud nu nyamuni dina éta tradisi, tangtu bakal kapanggih ajén-inajén nu nyampak di jerona. Sangkan ajén-inajén dipikanyaho ku masarakat kaasup para rumaja kiwari salaku generasi penerus, tangtuna perlu aya léngkah ngeunaan kumaha ngawanohkeunana. Salasahiji carana ngawanohkeun ku cara ngalarapkeun hasil panalungtikan ieu dina pangajaran formal di sakola. Tujuanna, sangkan siswa salaku generasi penerus mikanyaho kabudayaan Sunda nu aya di sabudeureunna, jeung daék ilubiung dina ngariksa éta kabudayaan sangkan kabudayaan Sunda bisa tuluy turun-tumurun ka generasi saterusna. Ku kituna, ieu tradisi ngaruat lembur téh bisa dijadikeun bahan pangajaran bahasan budaya di SMA kelas XI.

Panalungtikan ngeunaan ulikan sémiotik dina kabudayaan geus dilaksanakeun ku sawatara panalungtik di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah, di antarana: Virda Sufia Haetami (2011) kalayan judul “*Fungsi Simbol*

Firman Munawar, 2015

**SIMBOL-SIMBOL DINA TRADISI UPACARA RUWATAN LEMBUR DI DESA GUDANG KAHURIPAN  
KECAMATAN LEMBANG KABUPATEN PANGAJARAN BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

*dina Upacara Tradisi Ruatan Bumi di Kampung Banceuy Kecamatan Ciater Kabupatén Subang*”, Wini Widiastuti (2014) kalayan judul “*Tradisi Ngaruat Lembur di Désa Tanjungsiang Kecamatan Tanjungsiang Kabupatén Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA kelas XII (Ulikan Sémiotik)*”, Cece Suherlan (2014) kalayan judul “*Ulikan sémiotik dina Upacara Adat Ngeuyeuk Seureuh di Désa Legok Kalér Paséh Kabupatén Sumedang*”, jeung réa-réa deui.

Tina hasil panalungtikan di luhur, sanajan kapanggih sasaruana dina bentuk tradisi anu ditalungtikna, tapi objék anu ditalungtik dina ieu panalungtikan teu sarua. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Simbol-simbol dina Tradisi Upacara Ruwatan Lembur di Désa Gudang Kahuripan Kacamatan Lembang kabupaten Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Bahasan Budaya di SMA kelas XI téh perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, ieu panalungtikan baris dirumuskeun dina kalimah pananya saperti ieu di handap.

1. Kumaha sajarah ayana ruwatan lembur di Désa Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat?
2. Kumaha prak-prakan upacara ruwatan lembur di Desa Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat?
3. Pakakas jeung bahan naon waé nu dipaké dina upacara ruwatan lembur di Desa Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat?
4. Simbol jeung tanda naon waé nu aya dina upacara ruwatan lembur di Desa Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat?
5. Kumaha larapna ieu hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran bahasan budaya di SMA kelas XI?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Firman Munawar , 2015

**SIMBOL-SIMBOL DINA TRADISI UPACARA RUWATAN LEMBUR DI DESA GUDANG KAHURIPAN KECAMATAN LEMBANG KABUPATEN PANGAJARAN BAHASAN BUDAYA DI SMA KELAS XI**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun maluruh simbol-simbol nu nyampak dina upacara ruwatan lembur di Desa Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat sarta ajén-inajén nu aya dijerona. Salian ti éta, tujuan tina ieu panalungtikan pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan budaya Sunda pikeun masarakat umum.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus, nya éta pikeun:

- a. ngadéskripsikeun sajarah upacara ruwatan lembur di Désa Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat;
- b. ngadéskripsikeun prak-prakan upacara ruwatan lembur di Désa Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat;
- c. nataan alat jeung bahan nu dipaké dina upacara ruwatan lembur di Désa Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat;
- d. ngadéskripsikeun simbol nu nyampak dina upacara ruwatan lembur di Désa Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat;
- e. larapna hasil analisis simbol dina upacara ruwatan lembur di Désa Gudang Kahuripan Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat pikeun bahan pangajaran bahasan budaya di SMA kelas XI.

## **1.4 Mangpaaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Ieu panalungtikan tèh dipiharep bisa ngeuyeuban jeung nambahan pangaweruh sarta informasi ngeunaan kabudayaan Sunda nu masih kénéh aya di sabudeureun masarakat Kabupaten Bandung Barat. Lian ti ogé, sangkan ngeuyeuban bahan pangajaran bahasan budaya di SMA kelas XI.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

1. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh dina widang kabudayaan, hususna dina upacara ruwatan lembur di Désa Gudang Kahuripan.
2. Pikeun masarakat, hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kabudayaan, sarta méré *motivasi* pikeun ngarojong dina usaha ngamumulé budaya Sunda sangkan teu leungit.
3. Pikeun widang atikan, hasil analisis simbol dina upacara ruwatan lembur di Désa Gudang Kahuripan Kacamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat bisa dijadikeun bahan pangajaran bahasan budaya di SMA kelas XI.

#### 1.4.3 Mangpaat pikeun Kawijakan

Upacara ruwatan lembur ieu mangrupa salah sahiji warisan budaya Sunda anu masih kénéh aya di sabudeureun masarakat Lembang, tangtu geus jadi tanggung jawab masarakat, ogé pamaréntah satempat pikeun miara ieu warisan kabudayaan sangkan hirup. Ku kituna ieu panalungtikan dipiharep bisa ngahudang kereteg masarakat jeung pamaréntah sangkan leuwih méré panitén kana kabudayaan anu nyampak di sabudeureunna.

#### 1.4.4 Mangpaat pikeun Isu sarta Aksi Sosial

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan prak-prakan acara jeung tanda-tanda nu nyampak dina upacara tradisi ruwatan lembur di kampung Desa Gudang Kahuripan. Sarta jadi motivasi ka saha waé nu hayang apal ngeunaan kabudayaan nu aya jeung masih kénéh hirup di Kabupaten Bandung Barat.

### 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, sakumaha nu dipedar ieu di handap.

Bab I mangrupa bubuka sarta gambaran umum eusi skripsi, strukturna ngawengku kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II nya éta ulikan tiori atawa landasan tioritis pikeun masalah nu dijieun objék panalungtikan, eusina ngajelaskeun sacara déskriptif tiori-tiori nu luyu dipaké pikeun panalungtikan, rujukan séjén nu aya pakaitna jeung panalungtikan sarta panalungtikan saméméhna.

Bab III métodeu panalungtikan nu ngajelaskeun prosedur panalungtikan, ti mimiti tiori nu dipaké, informasi ngeunaan lokasi atawa objék nu ditalungtik, desain panalungtikan, instrumén panalungtikan, tahapan ngumpulkeun, ngolah sarta analisis data.

Bab IV eusina hasil panalungtikan, hasil ngolah jeung analisis panalungtikan pikeun ngajawab rumusan masalah ku cara ngadéskripsikeun sacara proporsional. Hasilna ogé pikeun alternatif bahan pangajaran bahasan budaya di SMA kelas XI.

Bab V eusina kacindekan, impleméntasi sarta rékoméndasi. Réfleksi tina hasil analisis panalungtikan sarta saran pikeun nu nyieun kawijakan atawa nu ngamangpaatkeun hasil panalungtikan.